



**PEMERINTAH KABUPATEN GUNUNGKIDUL
DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA
UPT PAUD DAN SD KECAMATAN WONOSARI
SEKOLAH DASAR SELANG**

Alamat : Selang V, Selang, Wonosari, Gunungkidul

**ULANGAN AKHIR SEMESTER GANJIL
TAHUN PELAJARAN 2017/2018**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : II (Dua)

Hari/Tanggal : Selasa, 5 Desember 2017
Waktu : 09.00 – 10.00

Rungokna/wacanen

Putri Sima

Ana negara jenenge Medangkamulan
Ratune asmane Putri Sima
Putri Sima iku ratu sing adil
Putri Sima kepingin nyoba kejujurane kawulane
Emas sekanthong diselehake ing tengah dalam
Emas sekanthong dijupuk dening Kethut Emas
Kethut Emas iku rayine Putri Sima
Kethut Emas dianggep luput
Amarga njupuk barang dudu duweke
Senajan adhine dhewe
Kethut Emas tetap nampa ukuman

A. Wangsulana pitakon-pitakon iki manut isining wacan

1. Apa irah-irahan wacan ing dhuwur iku?

Wangsulan :

2. Sopo wae tokohe ing dongeng kuwi?

Wangsulan :

3. Papan panggonan dongeng kuwi ono ngendi?

Wangsulan :

4. Kepiye watake Putri Simo?

Wangsulan :

5. Dongeng Putri Sima kuwi nyritakake opo?

Wangsulan :

B. Wenehana tandha ping (X) huruf a, b, utawa c ing sangarepe wangulan kang bener!

6. Dongeng Putri Sima ana negara ngendi

a. Kediri

b. Medangkamulan

c. Singosari


7. Kepiye watake Kethut Emas kuwi
- ora jujur
 - apik
 - jujur
8. Kethut Emas dianggep luput amarga njupuk barang dudu duweke, mula nompo
- hadiah
 - ukuman
 - oleh-oleh
9. Bima ketemu pak guru wayah sore.
Bima matur
- Sugeng sonten, Pak Guru
 - Sugeng siang, Pak Guru
 - Sugeng enjang, Pak Guru
10. Esuk-esuk Siti liwat ngarep dalemen Pak Lurah. Pak Lurah lagi neng ngarep omah.
Salam kang mathuk yaiku
- Nderek langkung, Pak Lurah
 - Sugeng tindak, Pak Lurah
 - Sugeng dhahar, Pak Lurah
11. Simbahe Kania lagi wae rawuh seko Jogja.
Kania becike matur
- Sugeng teko, Mbah
 - Sugeng rawuh, Mbah
 - Sugeng tindak, Mbah
12. Aku duwe pitik
Pitik tukung
Saben dina dakpakani jagung
Petok kok kok petok ngendhog pitu
Dakngremake netes telu
Kabeh padha trondhol dhol tanpa wulu
Megal megol gol gawe ngguyu
Opo judule tembang iki
- Pitik Walik
 - Pitik Trondol
 - Pitik Tukung

13. Kodhok ngorek kodhok ngorek

Ngorek

Terusane tembang ding dhuwur yaiku

- a. ing pinggir sawah
- b. ing pinggir kali
- c. ing pinggir dalan

14.  Uwit iki jenenge

- a. uwit duren
- b. uwit pelem
- c. uwit krambil

15. ... sing arep ngancani aku?

- a. Sapa
- b. Pira
- c. Apa

16.  Tokoh dongeng ing gambar yaiku

17. Pak dhe mundut pamit marang budi.

Budi becike matur

18. Tulisen nganggo ejaan sing bener!

Pak budiman arep tindak pasar

Wangsulan :

19. Aku mangan tahu

Bapak ... tempe

20. Jamuran ya geethok

Jamur apa ya geethok

Jamur gajih mber jijih sa ara ara

Sira badhe jamur apa?

Apa maksud isine tembang dolanan iki?

Wangsulan :

21. Cublak-cublak suweng

Suwenge ting gelenter

Mambu ketundhung gudel

Pak empo lera lere

Sapa ngguyu dhelikake

Sir sir pong dhele gosong

Sir sir pong dhele gosong

Judul tembang dolanan ing dhuwur yaiku ...

22.



Tanduran supaya subur kudu di

23. Aku tanduran

Aku urip ana ing sawah
Godongku dawa lancip
Wohku cilik-cilik
Wohku bisa digawe sega
Jenengku

24. Isinen nganggo kalimat sing bener!

Siwi : Desta saiki kelas ... ?
Desta : Saiki kelas 2.

25. Sebutna salah siji judul tembang dolanan sing mbok ngerten!

Wangsulan :

26.



Tulisen nganggo tembung salam ing wayah esuk manut gambar iki.

Wangsulan :

27. Isinen nganggo kalimat sing bener!

A : Siwi sekolah ana?
B : Siwi sekolah ana SD Wonosari II.

28. Anggone pamit marang bapak ibu yaiku



29. Tulisen kalimat iki nganggo ejaan kang bener!

dino minggu adit menyang gembira loka

Wangsulan :

30. Susunen tembung-tembung iki supaya dadi kalimat sing bener!

mundhut – gendis – ibu – peken – wonten

Wangsulan :